



**PWOSÈ VÈBAL REYINYON ADISTANS
KOMITE LEKÒL BOSTON NAN**

12 Oktòb 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon adistans nan dat 12 Oktòb 2022 a a 5.p.m sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, ale sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, imèl feedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Elèv yo, Diego Meta.

Manm Komite a ki te absan: Pa t genyen.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda

Rapò Reyinyon: 28 Septanm 2022

Sibvansyon pou Apwobasyon ki Totalize \$4,436,092

Nòt: Rezilta MCAS 2022

Deklarasyon sou Enpak Ekite: MCAS 2022

Prezantasyon Rezilta Evalyasyon Eta a pou Ane 2022 a

Nòt: Plan Estratejik Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl (OMME) la

Deklarasyon sou Enpak Ekite: Plan Estratejik OMME

Prezantasyon Plan Estratejik OMME

12 Oktòb 2022

RAPÈL A LÒD

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman fidelite. Madam Sullivan te fè apèl. Tout manm yo te prezan.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Epi, y ap pibliye l sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou Youtube. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamyen, Kantonè, Mandaren, ak Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) epi te founi konsiy sou kòman pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee avan kòmansman reyinyon an.

Prezidan Robinson te pwolonje sipò Kominote a pou l rive jwenn ansyen manm Komite Lekòl la ansanm ak piyonye nan dwa sivil nan Boston nan ki se Jean McGuire ki te sibi atak vyolan pandan li t ap pwonmenen chyen li a nan Franklin Park. Doktè McGuire se te premye fanm nwa ki te eli nan Komite Lekòl Boston nan. Li te okipe pòs direktè egzekutif nan METCO pandan plis pase 40 lane. Doktè McGuire te konsakre vi li nan edikasyon ak dwa sivil, kote li enspire plizyè jenerasyon moun Boston pou yo lite pou kapab gen ekite nan edikasyon. Madam Robinson te swete Doktè McGuire pou l geri byen vit. Li te mande kominote a pou yo travay ansanm pou yo kapab rive mete fen nan zak vyolans ki pa fè sans. Li te remèsye Sipèrentandan Skipper dèske li te mete sekirite an premye plas ak dèske li te itilize yon apwòch ki gen plizyè etap pou pwoblèm konplèks sa a.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN

Apwouve – Nan apèl nominal la, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon Kominote Lekòl 28 Septanm 2022 yo.

RAPÒ SIPÈRENTANDAN AN

Lè yo te fin prè nèt pou yo kòmanse.

Mèsi, Madame Chair. Pou m kòmanse, mwen vle fè nou konnen ke dènye semèn ki sot pase yo pa t fasil pou kominote nou an. Mwen pataje santiman Prezidan Robinson sou ansyen manm Komite Lekòl la ki se Jean McGuire. Nou tout ap panse avèk li epi nou swete li geri byen vit. Sa vrèman touche m lè m tande nou pèdi youn nan elèv nou yo, ki te viktim zak vyolans ak zam ki pa fè sans pandan wikenn nan. Nou p ap nome elèv la pou respè nou gen pou fanmi an. Tanpri, an nou obsève yon moman silans nan memwa elèv sa ki tonbe a.

Mwen vrèman enkyete m poutèt zak vyolans yo k ap ogmante nan kèk nan lekòl nou yo oswa toupre yo. Mwen vle fè w konnen ke ekip nou an te toujou sou beton an kote li t ap founi sipò ki vrèman nesèsè yo bay kominote lekòl sa yo ki sibi enpak yo. Sekirite nan lekòl la se premye priyorite m lè m vin sipèrentan menm jan te ye lè m te Sipèrentandan nan Somerville ak menm

12 Oktòb 2022

Jan lè m te direktè e sipèntandan rezo lekòl segondè yo. Sekirite nan lekòl la se jefò ekip la. Nou dwe kontinye kolabore e kowòdone defason entèn antanke yon distri e avèk Polis Boston ansanm ak lòt ajans yo ki nan vil la. Nou konnen ke anpil fwa sa k ap pase nan katye a ak nan kominote a oswa sou rezo sosyal yo vin pwodui nan lekòl nou yo. Li enpòtan anpil pou nou travay antanke yon Vil ann antye pou n kapab sipòte jèn moun yo epi, antanke yon ekip, nou espere travay avèk patnè nou yo nan Vil la pou n kapab asire espas lekòl nou yo sekirize, kote se son ansèyman ak aprantisaj ki ranpli yo.

Mwen vle fè w konnen tou ke li ekstrèmman enpòtan pou mwen ak pou tout ekip la gen kominikasyon lib e transparan avèk fanmi nou yo. Li sitou enpòtan pou n gen kominikasyon an tan reyèl avèk fanmi nou yo, epi mwen konnen semèn pase sa pa t fèt rapid jan te kapab fèt la epi li ta dwe fèt nan yon ka patikilye epi nou prezante eskiz nou bay kominote Burke la pou reta sa a. Se toujou premye priyorite nou pou n asire elèv yo ap jwenn sipò ak swen nan espas la lè gen yon ijans epi nou kolekte verite yo sou sa ki te pase a. An menm tan an, nou toujou voye yon mesaj bay fanmi yo osi vit ke posib. Aktyèlman, n ap revize sistèm entèn nou yo pou n kapab asire delè pou n reponn ak tout ensidan ijans osi kout ke posib.

Aprè ensidan ki te pase nan Burke semèn pase a, nou te revize dewoulman kominikasyon nou an byen rapid epi nou te klarifye wòl yo nan ka ijans yo pou n kapab asire tout moun konprann wòl yo nan sa ki gen pou wè ak kominikasyon. Nou te itilize ekip pou entèvansyon kont kriz nou an, ki gen ladan l travayè sosyal nou yo pandan ensidan ki te pase nan Burke la. Yo te sou plas epi y ap kontinye entèveni sou plas lè sa nesèsè. Nou te kolabore avèk ajans tankou Project Right, Ekip pou Twomatis Komisyon Santi Piblik Boston nan ansanm ak Biwo Sekirite Piblik Majistra a. N ap travay pou n bay sipò san fay gras ak patnè entèn ak patnè ekstèn sa yo. Ni anplwaye yo ni elèv yo jwenn sipò sa yo. Patnè yo ede nou dekonte sa k te pase a ak pou n mentni espas pou konvèsasyon ki pèmèt tretman ak pi bon konpreyansyon. Nèf nouvo pòs travay sosyal nou yo nan distri a te vrèman ede nou founi ak aplike yon entèvansyon kont twomatis.

Nou vle asire tou ke fanmi nou yo konnen yo gen aksè dirèk ak pwogram kont entimidasyon ki disponib atravè SUCCEED Boston nan. Liy asistans telefonik nou an gen anplwaye ki disponib pou founi resous ki nesèsè pou reponn ak demann ak kesyon yo gen pou yo genyen yo. Fanmi yo ak elèv yo kapab toujou rapòte entimidasyon yo nan lekòl yo a, men yo kapab kontakte tou liy asistans telefonik nou an nan 617-635-8873. Nou mande tou pou tout lekòl yo idantifye de manm anplwaye ki pral travay kòm espesyalis pou entèvansyon kont entimidasyon. Yo pral pran fòmasyon pou yo kapab konprann kisa ki entimidasyon, ansanm ak fason pou yo rapòte pwotokòl ak investigasyon epi yo pral travay sere sere avèk Responsab Lekòl la pou yo kapab asire yo respekte politik BPS yo. Nou konsantre nou sou mete aksan sou pratik, pwosedi ak pwotokòl nou yo.

Avèk sipò sa yo an plas, sa ede distri a ansanm ak kominote a reponn ak bezwen timoun nan ann antye. Konpozan enpòtan sa yo, byennèt akademik, sosyal, emosyonèl ak byennèt fizik, konstitiye "Timoun nan Ann Antye." Misyon "Timoun nan Ann Antye" se yon bagay ki p ap janm disparèt. Se yon misyon nou te fè vin tounen yon priyorite menm avan pandemi an, pandan pandemi an, epi nou dwe asire n nou gen resous an plas pou sipòte elèv nou yo. Travay kontini nou an nan nivo sosyal emosyonèl la pral konte anpil. Pandan n ap reyalize travay sa a, sa ede nou devlope relasyon otantik avèk elèv ak fanmi nou yo. Dènyeman, nou angaje nou pou n reyalize travay sa a. Mwen konnen pa gen nan sa ki nòmal epi li pa ta dwe janm nòmal pou pèdi

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

12 Oktòb 2022

yon jèn moun nan zak vyolans oswa pou yon jèn moun blese. Mwen espere travay avèk ou ansanm ak kominote jeneral la pou n reyaji pwiske se nou tout ki pou travay sou gwo twomatis sa nou wè kòm yon pwodui plizyè pandemi nan vil nou an.

M ap yon tijan chanje sijè pou m antre nan travay akademik nou an. SEMÈN STEM lan ap fèt nan semèn 17 Oktòb la. Lekòl Piblik Boston yo travay pou yo founi opòtinite STEM/STEAM ki amizan, aksesib epi ki aksesib pou tout elèv yo kapab devni aktè aprantisaj yo, pandan y ap prepare yo pou yo fleksib sou plan kiltirèl epi pou yo adapte yo ak mond ki toujou ap evolue ki antoure yo a. Gen yon pakèt aktivite ak evènman ki pral ede nou angaje elèv, edikatè ansanm ak fanmi yo nan tout rejyon diferan yo nan distri a. Pra gen yon Ekspozisyon pou Aksè nan Karyè ak Inivèsite (Career College Access) ak STEM k ap fèt nan Roxbury Community College jou k ap 22 Oktòb la.

Se te yon onè ak privilèj pou mwen te patisipe nan inogirasyon Boston Arts Academy an. Soti nan son kolektif ansanm nan rive nan pwòp reprezantan elèv nou an ki se Diego Mehta ki t ap koupe riban inogirasyon an, li te klè ke nou kapab founi elèv nou yo yon seri anviwònman aprantisaj ki gen kalite kote yo kapab pwospere ak reyisi. Nouvo batiman sa temwanye investisman Vil la nan founi tout elèv ak fanmi nou yo yon seri espas ki favorize aprantisaj ak ekselans akademik. N ap bay yon mizajou ki pi enpòtan sou Green New Deal nan pwochen reyinyon n ap gen pou n fè sa a.

Mwen te vle bay yon mizajou sou pwogrè nou fè nan domèn transpò. Mwen vle remèsye Del Stanislaus ansanm ak ekip li a pou tout efò yo te fè pou yo te rive idantifye lakin nan anplwaye ak pou yo travay sou solisyon avèk divès lekòl. Jiskaprezan nan mwa Oktòb la, transpò a egal a 88% bis ki rive alè lematen ak 85% bis ki rive alè lezapremidi. Ekip la toujou ap travay pou yo amelyore kouvèti a. Depi kòmansman mwa Oktòb la, pou plis pase 99.7% transpò nan bis ki pwograme pou lematen ak pou plis 99.9% transpò nan bis ki pwograme pou lezapremidi te gen yon chofè disponib. Sepandan, nenpòt katite bis ki an reta oswa ki pa kouvri a pa janm akseptab epi n ap travay jiskaske sa pa janm rive. Mwen vle rekonèt ke n ap nan bon direksyon epi Transdev kontinye konsantre avèk nou sou anboche ak fòm chofè yo pou n rive elimine tout transpò ki pa kouvri yo.

Anplwaye monitè bis toujou reprezante yon pi gwo pwoblèm. Vil la ap travay pou l rive finalize yon akò avèk sendika monitè chifè a, kote nou kwè l ap gen ladan l chanjman kle ki pral fasilite nou rekrite ak retni moun pou pès la.

Kantite elèv ki toujou absan yo toupatou nan distri a aktyèlman a 28%. Pou n mete bagay yo an kontèks, pousantaj elèv ki toujou absan nan distri a te jeneralman nan ranje 24-26%, malgre li te monte pandan COVID la kote gen yon pou 42% elèv ki toujou pandan tout ane lekòl la pandan Ane Lekòl 2021-2022 a. Yo defini yon elèv toujou absan kòm lè li rate 10% oswa plis jounen lekòl, kidonk depi yon elèv rive sou 18 absans pandan tout yon ane lekòl, y ap toujou absan.

Dyapozitif sa afiche pousantaj elèv ki toujou absan yo pandan kat ane ki sot pase yo, li repati selon gran gwoup elèv yo. Pandan ane a ap pase, nou wè pousantaj absans lan ogmante, kote se nan fen ane pousantaj la sitou ogmante. Kantite elèv ki toujou absan an se yon endikatè kle distri a ap swiv pandan tout ane a, pwiske nou konnen ke kantite elèv ki toujou absan an ogmante

12 Oktòb 2022

chans pou elèv yo dewoute sou plan akademik nan lekòl primè ak lekòl presegondè, epi li ogmante chans pou yo abandone lekòl segondè.

Redui sou kantite elèv ki toujou absan yo se yon objektif ki enpòtan nan travay k ap fèt nan nivo lekòl la pou n kapab asire tout elèv nou yo toujou prezan nan lekòl la epi pou yo gen tout opòtinite yo bezwen pou yo kapab reyisi. Chak lekòl gen yon objektif pou redui sou kantite elèv ki toujou absan ke yo entegre nan Plan Lekòl Bonjan Kalite (Quality School Plan, QSP) yo a. Aktyèlman, efò Depatman Opòtinite pou Jèn pou redui sou kantite elèv ki toujou absan yo gen ladan l yon aksan patikilye yo mete sou transfòmasyon lekòl yo ansanm ak lekòl ki gen pousantaj prezans ki enferyè ak 80% yo. Sipèvizè prezans yo (SOA yo) òganize selon rejyon pou yo kapab totalman entegre yo nan lekòl yo ak pou yo sipòte lekòl dirèkteman, pandan y ap travay avèk sipèrentandan lekòl ki nan rejyon yo pou yo kapab sipòte QSP a.

Nan efò yo, yo kapab gen pou yo priyorize yon evalyasyon ki baze sou bezwen ki pran done ki gen rapò ak reyisit elèv yo ansanm ak kilti ak klima lekòl la an kont, pou yo etabli objektif ak estrateji atravè plan pou reyisit elèv yo, ak pou yo itilize estrateji pou sipò elèv yo pou ede yo simonte obstak ki genyen nan aprantisaj ki koyeran an, ansanm ak paran yo antanke kolaboratè nan aprantisaj pitit yo, oswa pou yo konsidere plan lekòl la pou efò pou byennèt yo ki rele Plan Aksyon pou Byennèt (Wellness Action Plan). BPS ap akòde tou plis pase 30 Mini Sibvansyon pou Prezans bay lekòl yo gras ak finansman federal pou Soulaajman ann Ijans nan Lekòl Primè ak Lekòl Segondè (ESSER) yo. Nan kad aplikasyon pou sibvansyon an, lekòl yo dwe soumèt yon plan ki vize redui sou kantite elèv ki toujou absan pami gwoup elèv priyorite yo, pandan y ap chwazi pami yon pakèt zouti ak resous distri a mete an plas. Epitou, BPS te revize politik sou prezans li a pou l elwanye de pratik pinisyon yo pou anpeche elèv yo fè woul. Nou mete aksan an kounye a sou devlopman relasyon ant elèv ak fanmi yo, elimine obstak yo epi redui sou kantite elèv ki toujou absan an kòm yon mwiyen pou n vrèman reyengaje elèv nan pwòp edikasyon yo, antanke manm ki enpòtan nan kominote lekòl la. Nou gen yon kominote nan Boston ki divèsifye sou plan lengwistik epi li lè kounye a pou nou kreye plis opòtinite pou elèv nou yo kapab vin konpetan nan de oswa plis lang pou yo kapab rive pwospere epi pou yo kapab konpetitif sou plan mondyal.

Antanke yon distri, nou pral ankouraje yon efò pou n ogmante aksè nan plizyè lang epi n ap investi nan efò sa a. Nou kwè ke aprenan bileng yo merite gen aksè ak yon edikasyon bileng epi pou yo jwenn sipò nan lang matènèl yo, sa ki kapab benefik pou akizyon yo nan lang Anglè - ansanm ak distri nou an ann antye. Konsènan Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl (OMME) nou an, ou pral wè aswè a yon plan yo elabore atravè yon pwosesis kominote ki solid. Mwen ta renmen remèsye tout gwoup travay yo, yo tèlman anpil mwen swete m site tout, men pou m site kèk ladan yo, Konsèy Konsiltatif pou Aprenan Anglè yo nan Distri a, Konsèy Konsiltatif pou Paran nan Edikasyon Espesyal yo, Konsèy Konsiltatif pou Angajman Kominote, Gwoup Travay Aprenan Anglè pou Aprenan Anglè ki Gen Andikap yo - ansanm ak Fasilitatè yo nan Ekip Evalyasyon Lang nan lekòl nou an ansanm ak lòt moun ki te kontribye nan elabore plan sa a.

Plan sa se yon nouvo vwa pou n swiv pou distri a epi nou konsidere travay la kòm yon liy transvèsal nan tout departman yo. Nou gen anpil departman ki la pou asire ke yo aplike vizyon pou edikasyon bileng lan pou fanmi yo ak elèv yo kapab gen posiblite pou yo chwazi pwogram ki lye ak lang yo, eritaj yo ansanm ak kilti yo. Nou te kòmanse pwosesis sa ane pase epi nou te

12 Oktòb 2022

konsantre nou defason estratejik sou restriktire ansyen Biwo pou Aprenan Anglè yo ak pou n devlope kapasite ak enfrastrikti biwo a sou tranzisyon vè yon edikasyon bileng ki ogmante kòm yon objektif prensipal. Jan ou konnen sa a, Gwoup Travay Aprenan Lang Anglè yo se yon sougwoup nan Komite Lekòl Boston nan, nou te resevwa kòmantè yo epi nou tout rekonèt bezwen pou n fè gwo tranzisyon sistematik yo pou n rive totalman reyalize ak aplike plan estratejik sa a. Pou apreman miltileng ki gen andikap nou yo, Priorite Estratejik nimewo 2 a ki dekri nan plan an se yon responsablite komen ant Biwo Edikasyon Espesyal la ansanm ak Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la. Antanke yon Sipèntandan, Mwen pral priyoreze travay enpòtan sa epi nou pral pataje plis mizajou sou sa pandan y ap aplike plan an.

Pandan n ap tann sezon Chwa Lekòl la avèk enpasyans, mwen ta renmen bay yon mizajou sou Kad Kalite Lekòl yo nan distri a. Yo jeneralman mete nivo Kad Kalite Lekòl (School Quality Framework, SQF) yo ajou nan fen mwa Oktòb la. Enfòmasyon sou nivo yo, ki baze sou done de zan yo nan senk domèn, detèmine lis lekòl ki disponib yo pou fanmi yo nan kad Plan Deziyasyon Adomisil (Home Base Assignment Plan) lan. Depi yo fin etabli nivo yo, fanmi yo kapab wè lis yo nan www.discoverBPS.org avan yo eksplòre lekòl yo nan Lè Prezantasyon Lekòl yo ak nan Prezantasyon Lekòl yo nan tout distri a, k ap kòmanse nan mwa Novanm nan.

Akoz pandemi an ansanm ak done ki disponib yo, nivo SQF 2019 yo toujou anvigè. Done tankou nòt MCAS ansanm ak kantite elèv ki toujou absan yo pa sèlman sibi enpak pandemi an, men lòt mezi tankou sondaj sou klima elèv la, pwofesè a, ak paran yo refleto enpak pandemi an genyen yo. Kidonk, li t ap apwopriye pou n klase lekòl yo selon done sa yo.

Epitou, ane sa a, eta a pa pran desizyon tou sou responsablite lekòl yo. Avèk enfòmasyon sa yo disponib, gwoup travay entèn nan ki gen ladan l reprezantan ki soti Biwo Done ak Responsablite, Avansman Familyal ak Kominotè, Sèvis Dakèy, Planifikasyon ak Analiz, ansanm ak Biwo Teknoloji a te egzaminen opsyon ki disponib yo pandan Otòn sa a epi yo te rekòmande Gwoup Travay sou Kalite Lekòl pou yo asire Nivo SQF 2019 yo rete anvigè pandan plis pase yon lane. Gwoup sa a, ki gen kòm prezidan Doktè Hardin Coleman ak Marinelle Rousmaniere a, te ankouraje rekòmandasyon an. Yo prevwa pou DESE pran desizyon sou responsablite yo ankò nan ane 2023 a, pandan y ap konsidere ane 2022 a kòm yon nouvo baz. Se nan optik sa a, nou espere n ap kapab kalkile nouvo Nivo sou Kalite Lekòl yo nan ane 2023 a.

Epitou, Gwoup Travay sou Kalite Lekòl la pral konsakre tan l ane sa pou l egzaminen yon seri paramèt altènatif, pou evite vin gen lòt reta si distri a ta twouve li nan sitiyan difisil sa a, ki lye oubyen ki pa lye ak pandemi an, yon lòt fwa ankò. Nou pral kontinye travay avèk lekòl nou yo sou pwochen chanjman oswa anons yo pwiske sa gen rapò ak dosye sa a. Nou te soumèt twazyèm seri dokiman livrab yo bay DESE jou ki te 3 Oktòb la. Sa te gen ladan l plan mentnans prevantif distri a pou batiman lekòl yo, Plan Lekòl Bonjan Kalite yo pou Transfòmasyon Lekòl yo ansanm ak lansman Atelye Travay sou Done a.

Pita aswè a, ou pral tande yon prezantasyon Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la bay sou Plan Estratejik pou Aprenan Miltileng yo. Plan sa refleto kòmantè nou te jwenn nan men plizyè aksyonè depi lè yo te lanse premye vèsyon an nan mwa Out la. Nou pral kontinye enfòmasyon kominote BPS la sou sitwèb nou an nan bostonpublicschools.org/strategicprogress.

12 Oktòb 2022

Pou n konkli, mwen pa ka tann pou m pataje plis mizajou konsènan anplwaye yo, enskripsyon an, Green New Deal, ansan ak sipò pou elèv yo nan reyinyon n ap gen pou n fè yo. Antanke Sipèrentandan sa a se tout rapò m pou aswè a.

Manm komite yo te voye kondoleyans bay fanmi elèv BPS ki te pèdi lavi l la akoz zak vyolans ak zam ki te fèt nan kòmansman semèn sa a, epi yo te ofri sipò yo bay Jean McGuire.

Doktè Alkins te mande si BPS ap travay avèk gwoup kominotè yo pou yo kapab lite kont vyolans. Sipèrentandan te souliye ke kolaborasyon ak dyalòg nan mitan ajans yo enpòtan anpil. Li te dekri gwo wòl kominote relijye a, òganizasyon ki pa gen objektif pou fè lajan, ansanm ak òganizasyon kominotè yo jwe a. Doktè Alkins te mande jwenn done sou kantite elèv ki toujou absan yo ki patisipe nan pwogram pou reyengajman ak pwogram altènatif pou edikasyon yo. Sipèrentandan an te fè konnen aktyèlman BPS ap redevlope pwogram reyengajman li yo, epi li angaje l pou l fè anplwaye yo fè swivi avèk enfòmasyon yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande ki levye Sipèrentandan an ap itilize pou l amelyore sekirite nan lekòl la ak pou l ogmante responsablite. Sipèrentandan Skipper te fè konnen ke elèv yo dwe santi yo an sekirite ni sou plan fizik ni sou plan sikolojik. Li te fè konnen li pa ka tann pou l resevwa pwochen rapò sou sekirite nan lekòl nan men Konsèy Lekòl Great City yo ak pou revize rekòmandasyon li yo.

Madam Lopera te mande tandans sou kantite elèv ki toujou absan yo selon nivo klas yo. Li te mande ki sipò yo bay lekòl ki aplike yo pou Mini Sibvansyon pou Prezans yo. Direktè Prensipal Depatman pou Jèn ki Gen Opòtinite (Department of Opportunity Youth) yo, Brian Marques, te fè konnen anplwaye distri a pral bay lekòl yo asistans teknik pou yo kapab aplike pou sibvansyon yo. Li te pwopoze pou l fè yon egzèsis konkòdans pou l kapab asire lekòl ki gen pousantaj elèv absan ki elve yo aplike pou sibvansyon yo.

Mesye Mehta te mande jwenn kantite elèv ki absan an mwayèn yo. Sipèrentandan an te fè konnen kantite absans mwayèn pou elèv ki toujou absan yo se 20 jou. Li te endike eta a pa klase absans yo kòm absans ki motive oswa absans ki pa motive. Li te pwopoze pou l kolekte done sou prezans epi pou l pataje done sa yo avèk Komite a antèm de absan ki motive ak absans ki pa motive pou yon pwochen prezantasyon alavni.

Madam Polanco Garcia te note kantite absans ki pi elve defason pwopòsyonèl la pame elèv ki gen andikap yo epi li te mande kòman BPS ap sipòte yo. Sipèrentandan an te fè konnen li menm ansanm ak ekip li a pral enkli yon analiz sou dosye a nan yon pwochen rapò konplè. Doktè Lauren Viviani, Sipèrentandan Adjwen Pwovizwa Edikasyon Espesyal la, te bay egzanp sou fason BPS travay sere sere avèk elèv ki te rate lekòl la pou founi sèvis edikasyon espesyal la.

Mesye O'Neil te eksprime kòmantè Sipèrentandan Skipper yo ki endike lekòl yo dwe se yon seri espas ki sekirize pou elèv yo, pandan li ajoute tout kominote a gen yon responsablite pou l jwe wòl li. Li te site meyè pratik yo nan Philadelphia ak Los Angeles defason respektif, kote distri lekòl yo voye lèt "ankourajman" lakay fanmi elèv ki toujou absan yo ak pandan y ap itilize Ekip Entèvasnyon yo pou rezoud difikilte ki toujou prezan yo, tankou absans kwonik.

12 Oktòb 2022

Madam Robinson te mande kòman BPS ap ede fanmi yo pou yo kapab konprann enpòtans prezans regilye nan lekòl la genyen. Mesye Marques te fè konnen BPS ap itilize lèt "ankourajman" yo epi l ap itilize resous yo defason entansyonèl. Chèf pou Sipò Elèv la, Julian Kelton, te fè konnen BPS ap eseye ankouraje ak ranfòse relasyon ki egziste ant lekòl nou yo ak fanmi nou yo. Li te souliye enpòtans pou gen komunikasyon bilateral ant fanmi yo ak responsab lekòl ak responsab yo nan distri a.

Doktè Alkins te mande kòman yo pral evalye pwopozisyon mini sibvansyon pou prezans yo. Mesye Marques te eksplike ke komite konsiltatif pou prezans lan ap itilize yon griy notasyon. Li te fè konnen pwosesis aplikasyon an fèt pou bay lekòl ki gen pi gwo bezwen yo yon bonjan avantaj. Epitou, BPS ap ofri asistans teknik ansanm ak atelye sou redaksyon sibvansyon.

Mesye Cardet-Hernandez te pwopize ke nan kad pwosesis sou chwa lekòl la, BPS te kapab pataje mezi adisyonèl sou kalite lekòl, tankou renouvèlman anplwaye yo nan nivo lekòl la. Chèf Avansman Familyal ak Kominotè a, Denise Snyder, te eksplike rezonman distri a pou l kenbe Nivo SQF 2019 yo anvigè pandan plis pase yon lane, epi li te di li pral gade si li kapab entegre sijesyon li a nan zouti rechèch lekòl [DiscoverBPS](#) la.

Madam Lopera te mande jwenn plis enfòmasyon sou sistèm pou rezolisyon pwoblèm nan. Sipèntandan an te eksplike Plan Amelyorasyon Sistematik (SIP) la mande pou yo mete an plas ni yon Liy Asistans Telefonik ni Ekip Entèvansyon Sistèm pou Rezolisyon Pwoblèm (PRS) nan pou yo kapab sipèvize reyaksyon distri a pa rapò ak plent yo epi yo kontwole yo kòm sadwa.

Mesye Cardet-Hernandez te mande done sou enskripsyon pou Ane Lekòl 2022-2023 a, ansanm ak dokiman livrab SIP yo. Sipèntandan te fè konnen li pral bay Komite Lekòl la yon mizajou sou enskripsyon an nan pwochen reyinyon an. Chèf Lekòl yo ak Responsablite, Drew Echelson, te fè konnen yo pataje dokiman klivrab yo avèk Komite a avan yo voye yo bay eta a ak avan yo afiche yo piblikman nan bostonpublicschools.org/strategicprogress. Mesye Cardet-Hernandez te mande yon mizajou sou ESSER, ansanm ak enfòmasyon sou fon yo poko depanse yo. Responsab Finansye an Chèf la, Nate Kuder, te dakò pou l fè swivi avèk yon rapò ESSER ki konplè alavni pandan ane sa a, ansanm ak foto imedya wot nivo pou yo kapab pataje yo byento alavni.

Anplwaye yo te klarifye pou Mesye Mehta ke pwosesis distri a pou rapòte ak reyaji ak ka entimiasyon an.

Apwouve – Nan apèl la, Komite a ansanm te apwouve Rapò Sipèntandan an.

KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki vini annapre yo te temwanyè an favè Higher Ground Boston:

- Maria Vargas, rezidan Roxbury, paran nan Ellis Elementary School
- Brandy Brooks, rezidan Roxbury, direktè adjwen High Ground Boston
- Marissa Lehrman, rezidan Somerville, manm Fanmi Dabò
- Lashaunda Watson, rezidan Roxbury, manm Higher Ground Boston
- Mariana Botier, rezidan Allston, manm Higher Ground Boston

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

12 Oktòb 2022

- Shavonne Herrington, rezidan Mattapan, paran nan BPS, ansanm ak manm Kowalisyon Swen Adomisil Higher Ground. Li te eksprime enkyetid li sou kèk wout bis ki pa gen monitè pou sipòte elèv ki gen bezwen espesyal yo.

Moun sa yo te temwanye avèk pwoblèm ki konsène fizyon ki pwopoze ant lekòl primè nan Sumner ak sa ki nan Philbrick yo:

- Rachel Young, rezidan Roslindale, paran nan Summer Elementary School
- Lauren Peter, rezidan Roslindale, paran nan Summer Elementary School
- Allison Friedmann, rezidan Roslindale, paran nan Summer Elementary School

Moun ki vini annapre yo te temwanye an favè ajou pwotokòl sou sante ak sekirite ki pi solid pou COVID yo.

- Nancy Lessin, rezidan Jamaica Plain ansanm ak manm Fanmi BPS pou Mezi Sekirite pou COVID (FamCOSa)
- Cheryl Buckman, rezidan South Boston ansanm ak manm BPS FamCOSa

Suzanne Lee, rezidan e ko prezidan nan Chinatown, Gwoup Travay pou Aprenan Lang Anglè yo, te temwanye an favè plan estratejik OMME a.

John Mudd, rezidan e defansè nan Cambridge, te temwanye an favè Plan Estratejik pou Lakin nan Reyisit la ansanm ak Plan Estratejik OMME an.

Michael Heichman, rezidan Dorchester e manm Alyans Jistans nan Edikasyon nan Boston (Education Justice Alliance), te temwanye sou yon varyete lidèchip.

Edith Bazile, rezidan Hyde Park e defansè edikasyon espesyal, te temwanye sou alfabetizasyon ekitab.

Sharon Hinton, rezisan e defansè nan Hyde Park, te temwanye sou pòs vid pou pwofesè yo ansanm ak kamera nan lekòl yo.

Ted Loska, rezidan e defansè nan Dorchester, te temwanye sou ekite nan opòtinite espòtif ak opòtinite atizanal pou elèv BPS yo.

ELEMAN AKSYON

Mesye Cardet-Hernandez te mande plis enfòmasyon sou mezi pèfòmans ki pral sèvi pou Sibvansyon Asistans Sib pou Lekòl Redresman yo. Sipèrentandan an te fè konnen li pral mande jesyonè sibvansyon an ansanm ak Direktè Jeneral Biwo Transfòmasyon Lekòl ak Distri a, Mike Sabin pou li fè swivi. Sipèrentandan Adjwen Estrateji ak Aplikasyon Done yo, Monica Hogan, te detaye depans ki lye ak SIP yo pou Mesye Cardet-Hernandez. Madam Hogan te eksplike pwosesis apèl dòf la pou revizyon sou sekirite lekòl yo nan distri a, ke yo te finalman atribye bay Konsèy Lekòl Great City. Yo te ankouraje twa devè pou kontra a ki bay an total yon sòm ki enferyè ak \$50,000. Mesye Cardet-Hernandez te sijere pou distri a angaje l nan yon pwosesis ki

12 Oktòb 2022

pi enpòtan alavni. Li te fè konnen li pa santi l alèz pou l apwouve lis sibvansyon yo pou aswè a sou baz enfòmasyon yo bay yo. Li te mande pou yo ajoute enfòmasyon yo nan fòmilè demann sibvansyon yo ki bay detay sou kòman yo depanse finansman an, tankou FTE yo. Mesye Kuder te pwopoze pou l ajoute detay adisyonèl nan pwochen pakè sibvansyon yo. Sipèrentandan te dakò pou l fè anplwaye yo bay Komite a enfòmasyon adisyonèl sou sibvansyon an alavni. Madam Robinson te fè konnen kontèks adisyonèl la ap itil, pandan li souliye responsablite fiskal Komite a antanke kò k ap gouvènè distri a. Doktè Alkins te pale sou enpòtans pou yo kontwole akseptasyon sibvansyon yo ansanm ak rezilta tout pandan pwosesis la. Manm Komite yo te diskite sou si yo dwe ranvwaye apwobasyon sibvansyon yo sou baz enfòmasyon yo bay yo. Mesye Kuder te mande Komite a pou l analize vòt la sou baz enfòmasyon ki deja egziste yo, pandan li eksplike ke si yo ranvwaye vòt la, sa ap ralanti jesyonè sibvansyon nan founi pwogram disisi de semèn oswa plis. Madam Robinson te dakò epi li te ankouraje ekip finans lan pou yo bay Komite a enfòmasyon ki plis detaye sou sibvansyon yo pi bonè si sa posib.

Apwouve - Nan Apèl nominal la, Komite a te apwouve sibvansyon yo pou apwobasyon ki bay an total \$4,436,092. Mesye Cardet-Hernandez te fè abstansyon. Tout lòt manm yo te vote wi.

RAPÒ

Rezilta MCAS pou 2022 - Direktè Egzekitif Prensipal Pwovizwa Biwo Done ak Responsablite a, Apryl Clarkson e Sipèrentandan Adjwen Prensipal Etid yo Doktè Linda Chen te prezante rezilta MCAS 2022 Lekòl Piblik Boston yo. Elèv ki nan klas 3yèm rive 8yèm ane yo ansanm ak klas 10yèm ane yo te sibi evalyasyon MCAS la nan prentan 2022 a nan domèn ELA, Matematik ak Syans, ki se premye fwa yo te administre tout evalyasyon MCAS la depi pandemi mondyal COVID-19 ane 2020 an. Akoz chanjman ki fèt nan administrasyon evalyasyon MCAS la nan lane 2021 an, prezantasyon an te mete yon anfas sou analiz tandans twa lane a ant ane 2019 ak ane 2022 a, olye yo konsantre sitou yon tandans yon lane ant ane 2021 an ak ane 2022 a.

Pwen Esansyèl Done yo:

Responsablite

- Senkann senk lekòl rete klase anwo 10 pousan lekòl ki pi ba yo nan tout ete a.
- Twa lekòl te soti nan klasman 10 pousan lekòl ki pi ba yo nan tout eta a.
- Kat lekòl te antre nan klasman 10 pousan lekòl ki pi ba yo nan tout eta a.
- An jeneral, distri a gen 32 lekòl ki nan klasman 10 pousan lekòl ki pi ba yo nan tout eta a. Pami 32 lekòl sa yo, 19 te rete nan klasman 10 pousan lekòl ki pa ba yo nan tout eta a; 4 lekòl te antre nan klas 10 pousan lekòl ki pi ba yo; 5 lekòl klas kòm dwa lekòl ki pa bay ase ranman oswa lekòl ki toujou pa bay ase ranman ke DESE deziyen; ak 4 lekòl ki te fèmèn nan Ane Lekòl 2021-2022 ki te nan klasman 10 pousan lekòl ki pi ba yo nan tout eta a.
- Venn sèt lekòl te amelyore pèsantil responsablite a 5 pwen oswa plis.

Klas 3-8

- Katreven dizwit pousan (98%) elèv BPS ki nan klas 3yèm rive klas 8yèm ane yo te sibi evalyasyon MCAS la nan domèn Literati ak Lang Anglè (ELA) ak Matematik.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

12 Oktòb 2022

- Venn nèf pousan (29%) elèv ki nan klas 3yèm rive 8yèm ane yo te satisfè oswa depase atant yo, ki reprezante yon diminyasyon 6 pwen pousantaj soti ane 2019 la ak yon diminyasyon 2.3 pwen pousantaj soti ane 2021 an.
- Venn kat pousan (24%) elèv te satisfè oswa depase atant yo, ki reprezante yon diminyasyon 9 nan pwen pousantaj la soti ane 2019 la ak yon ogmantasyon 4 pwen pousantaj soti ane 2021 an.

Klas 10yèm ane

- Katreven sèz pousan (96%) elèv BPS ki nan klas 10yèm ane te sibi evalyasyon MCAS la nan domèn Literati ak Lang Anglè (ELA) ak Matematik.
- Karann sèt pousan (47%) elèv ki nan klas 10yèm te satisfè oswa depase atant yo nan ELA epi karant pousan (40%) elèv te satisfè oswa depase atant yo nan Matematik.

Prezantatè yo te bay detay anplis sou pèfòmans elèv la selon gran gwoup elèv yo.

Doktè Alkins te mande yon vantilasyon nan divèsite faklite a nan lekòl yo ki te bay pi bon pèfòmans nan egzamen MCAS la. Doktè Chen te fè konnen li pral fè anplwaye yo fè swivi. Sipèrentandan Lekòl Adjwenn a, Doktè Tanya Freeman, Wisdom, te pataje estrateji distri a pou ogmante reyisit ak pou yo prepare yo pou inivèsite, karyè ak pou lavi. Doktè Alkins te pale sou enpòtans finansman adekwa a ak pou finanse pwogram edikasyon altènatif yo. Sipèrentandan Skipper te fè konnen anplis de edikasyon altènatif la, gen opòtinite pou pwolonje pwogram apre lekòl yo.

Mesye Cardet-Hernandez te mande kòman y ap itilize finansman ESSER pou sipòte akselerasyon akademik la. Doktè Chen te fè konnen BPS bezwen plis mezi fòmatif ki pa anje ki elve, men ki enfòme pwofesè yo sou meyè fason pou sipòte elèv yo ak pou enfòme responsab yo nan distri a sou tandans yo. Madam Clarkson te eskplike kòman Biwo Done ak Responsablite a itilize evalyasyon fòmatif ak evalyasyon somatif yo. Sipèrentandan Lekòl Primè a, Natalie Diaz-Ake te fè konnen kòman responsab yo nan distri a itilize zouti pou obsèvasyon alfabetizasyon ekitab la. Chèf Lekòl yo ak Responsablite a, Drew Echelson, te pale sou enpòtans ki genyen pou n gen yon kilti solid pou rezolisyon pwoblèm nan lekòl yo.

Madam Lopera te pale sou enpòtans ki genyen nan founi elèv yo rigè epi li te mande kòman BPS ap ede edikatè yo founi ansèyman ki diferansye a. Doktè Chen te pataje kòman edikatè yo fori ansèyman ki diferansye a.

Mesye Mehta te ekspriye enkyetid li sou pèfòmans aprenan Anglè yo ak elèv ki gen andikap yo nan evalyasyon MCAS la.

Madam Polanco Garcia te pale sou eksperyans pitit li a fè ak leson patikilye nan Quincy School epi li te ankouraje BPS anboche lòt espesyalis lekti adisyonèl. Doktè Chen te fè konnen ke yo te anboche kèk espesyalis adisyonèl pou ane sa epi y ap travay nan lekòl Transfòmasyon yo, ansanm avèk fomatè alfabetizasyon ekitab yo. Li te ankouraje fanmi yo pwofite de Papyè (Paper) a, platfòm leson patikilye gratis distri a.

Mesye O'Neil te kalifye rezilta MCAS yo kòm yon fèy wout ki enpòtan pou gide estrateji distri a pou retablisman apre pandemi an.

12 Oktòb 2022

Mesye Clarkson te klarifye pou Mesye Mehta ke elèv yo pral resevwa rezilta MCAS endividyèl yo sou fòm elektwonik disi fen Oktòb oswa nan kòmansman Novanm.

Mesye Robinson te mande si distri a ajiste pwogram etid la pa rapò ak done MCAS yo. Doktè Chen te fè konnen li pa t sèlman wè yon pwogram etid ki alaffwa reponn ak divès bezwen elèv BPS yo epi li reprezante idantite elèv BPS nou yo. Li te fè ekip yo travay avèk chèf pwofesè yo pou pote modifikasyon nan domèn ki pi fèb yo nan pwogram etid la an fonksyon rezilta yo.

Madam Robinson te eksprime enkyetid li sou nòt syans ki fèb yo nan distri a. Doktè Chen te fè konnen yo bezwen anpil tan pou tout domèn kontni yo, men pa sèlman pou matematik ak alfabetizasyon.

Doktè Alkins te pale sou enpòtans ki genyen nan founi elèv yo aktivite STEM ki pratik yo ansanm ak opòtinite estaj yo. Li te mande kòm anvestisman ESEER yo ap sipòte aprantisaj STEM lan. Sipèntandan te fè konnen BPS dwe entansyonèl epi li dwe travay avèk patnè yo pou yo kapab founi opòtinite pou elèv yo.

Madam Robinson te mande si distri a t ap anvizaje bay plis opòtinite pou rigè, tankou matematik Ris. Sipèntandan te fè konnen yo dwe konsidere salklas la kòm yon kontinyòm. Madam Lopera te fè konnen BPS dwe sipòte pwofesè yo pou yo kapab reponn ak bezwen aprantisaj tout elèv yo kote yo ye a.

Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje distri a anvizaje restrenn chwa evalyasyon yo.

Kòm repons pou yon ankèt Madam Robinson fè, Mesye Clarkson te fè konnen responsab lekòl yo te resevwa rezilta MCAS yo nan mwa Me ki sot pase a, apre yon seri rezilta somatif anplis. Doktè Chen te fè konnen alavni, responsab yo nan distri a ta renmen wè kwasans nan ELA an tèm de konpetans lekti nan nivo klas la.

Biwo Plan Estratejik Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la - Doktè Linda Chen, Sipèntandan Adjwen Prensipal Etid yo ansanm ak Farah Assiraj, Responsab Akademik Adjwen an Chèf e Sipèntandan Adjwen Pwovizwa Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la, te prezante yon plan estratejik twa lane pou Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl la (ki te rele oparavan Biwo Aprenan Anglè yo). Plan Amelyorasyon Estratejik (SIP) BPS/DESE a egzije pou BPS kreye yon Plan Estratejik pou Aprenan Miltileng epi li prezante l bay Komite Lekòl la disi mitan mwa Oktòb la.

Pwen fò nan prezantasyon an se:

- Edikasyon Bileng antanke objektif prensipal pou plan estretajik la
 - Yon apèsi sou aplikasyon pwogram bileng Edikasyon Aprenan Anglè yo
 - Senk priyorite estratejik ki gen mezi, domèn aksyon, enpak ak pwochen etap
1. Elaji pwogram bileng yo pou sipòte elèv yo ak pou pèmèt yo reyisi nan So Bilengwis Eta Massachusetts yo;
 2. Asire ke tout Aprenan Miltileng ki Gen Andikap yo (Multilingual Learners with Disabilities, MLWD) resevwa sèvis ak sipò apwopriye ki gen ladan yo lang natif la;

12 Oktòb 2022

3. Amelyore ansèyman ansanm ak rezilta yo nan tout pwogram pou aprenan miltileng yo;
4. Devlope divès sistèm ki santrè sou elèv avèk yon optik ekite ki garanti ke Aprenan Miltileng yo jwenn sèvis ki obligatwa yo ak aksè ak divès opòtinite; ak
5. Etabli divès patenarya avèk jèn yo, fanmi yo, kominote yo, òganizasyon baze sou kominote yo (CBO), ak patnè edikasyon yo pou ogmante posibilite opsyon pwogram yo pou preparasyon ak fakilte ak karyè pwofesyonèl.

- Rezime kòmantè aksyonè yo sou Pwojè plan an (Out - Septanm 2022)

Akoz reta a, Madam Robinson te sijere pou manm yo poze kesyon ki brèf epi pou yo fè swivi alekri avèk nenpòt kesyon adisyonèl yo ka genyen.

Mesye Mehta te poze kesyon pwosesis pou elèv yo kapab jwenn so bilengwis. Madam Assiraj te fè konnen se Direktè Lang Mondyal yo, Julie Calderon, ki jere So Bilengwis la, ki kolabore avèk lekòl yo pou founi elèv yo opòtinite pou yo kapab montre konpetans lengwistik ni alekri ni aloral.

Doktè Alkins ak Madam Lopera te pale sou valè pwofesè bileng yo epi yo te poze kesyon sou efò distri a fè yo pou elaji filyè divèsite pwofesè yo. Madam Assiraj te pale sou difikilte ki gen pou wè ak ogmantasyon divèsite pwofesè a ansanm ak efò distri a fè yo pou chanje edikasyon bileng yo pou yo pi byen sèvi aprenan miltileng ki gen bezwen espesyal yo. Li te fè konnen BPS ap angaje yon seri parapwofesyonèl bileng kòm yon sèl estrateji. Sipèntandan an te fè konnen gen anpil opòtinite pou yo rekryte ak retni anplwaye bileng yo. Madam Lopera te fè konnen anplwaye BPS yo nan tout nivo dwe reflekte divèsite kò elèv yo nan distri a. Li te ankouraje distri a eksplwate eksperyans yo ansanm ak ekspètiz lekòl doub enskripsyon yo ansanm ak pwogram bileng yo.

Madam Polanco Garcia te felisite ekip OMME a poutèt yo kolabore avèk responsab lekòl yo ansanm ak fanmi yo pou yo kapab elabore plan an. Li te sijere pou responsab lekòl yo jwenn fòmasyon pou entegre estrateji yo pou sipòte elèv miltileng yo. Madam Polanco Garcia te poze yon pakèt kesyon klarifikasyon, kote anplwaye distri a te reponn tout kesyon yo. Madam Polanco Garcia te rekòmande pou Gwoup Travay Aprenan Lang Anglè yo sipèvize pwogrè plan an epi pou yo kontwole done yo.

Mesye O'Neil te felisite plan OMME a, sitou anfas li mete sou ekspansyon lekòl doub lang ke yo dwe aplike nan yon fason ki reflechi epi ki entansyonèl. Li te pale sou enpòtans ki genyen nan angaje kominote bonè nan pwosesis pou etabli politik la. Li te fè konnen pou yo rive atenn objektif anbochman ki mansyone yo, sa pral mande pou distri a fè yon efò konsète ak mak pwofesè ki genyen sou plan nasyonal la.

Madam Robinson te mande jwenn done sou lang elèv BPS yo pale yo ak sou kantite elèv EL k ap resewa ansèyman nan men pwofesè ki pale lang matènèl yo pou yo kapab pi byen konprann enpak ansèyman nan lang matènèl la genyen.

Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan
Zoom

12 Oktòb 2022

John Mudd, rezidan e defansè nan Cambridge, te temwanye sou enpòtans ki genyen nan konble lakin nan opòtinite ki toujou prezante yo ak pou kontinye itilize deklarasyon sou enpak ekite yo.

NOUVO BIZNIS

Pa t genyen.

REPÒTE

Apwouve - Anviwon 11:15 pm, Komite a ansanm te vote, atravè yon apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif